



Pou Piblikasyon Imedya: 08/17/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$8 MILYON POU RANFÓSE TÈS KANSÈ NAN NEW YORK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York ap pwolonje efò pou anpeche kansè nan kolon, dezyèm pi gwo koz lanmò kansè nan eta. Pandan senkan ki sot pase yo, \$8 milyon an sibvansyon federal prale nan bi nouvo inisyativ tès ke Depatman Sante Eta New York pral administre. Chak ane, preske 10,000 Nouyòkè te devlope kansè kolon ak plis pase 3,000 te mouri kòm yon rezilta, toutfwa, avèk tès regilye, anpil nan dyagnostik sa yo ak lanmò sa yo kapab evite.

“Detekson bonè se kle pou lite avèk siksè fòm kansè sa a e finansman sa a pral fè yon wout long nan bi pou edike Nouyòkè yo sou benefis deteksyon bonè,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen remèsye patnè federal nou yo paske yo te ede garanti finansman sa a epi ede fè New York vin pi fò ak pi ansante.”

Tès kansè kolon ap obsève ti kwasans oswa ‘polip’ ki kapab chanje an kansè. Pifò kansè kolon kòmanse avèk ti kwasans sa yo, men si yo jwenn yo nan tès la, yo kapab retire yo anvan yo chanje an kansè. Kansè kolon nan yon etap bonè ka pa toujou koze sentòm, fè tès regilye se kle pou deteksyon bonè.

Sibvansyon 5 ane sa a, ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi pral sipòte ekspansyon efò tès pa Biwo Sante Kontwòl Maladi Kwonik nan zòn ki tradisyonèlman mal desèvi ak zòn ki gen bezwen elve yo nan North Country, Syracuse, Buffalo, Rochester ak Vil New York. Premye eleman an bay \$732,400 pa ane pou sipòte travay avèk Sant Sante ki Kalifye Federalman ak Plan Swen Jere Medicaid pou entèvansyon ki baze sou evidans ki pwomote tès kansè kolon regilye. Sa a enkil bay founisè yo opinyon sou pasyan ki kalifye yo, men se pa ajou avèk tès yo, voye rapèl pou pasyan yo epi aplike strateji pou redwi obstak tankou èd transpòtasyon epi tan konje peye pou tès kansè. Óganizasyon spesifik yo deklare ke finansman yo poko detèmine.

Dezyèm eleman bay \$915,500 pa ane pou sible rezidan ki pa gen asirans ak sa ki manke asirans ki ant laj 50 ak 64 ane nan Bronx, yon zòn ke yo te idantifye tankou ki genyen yon nivo elve ka kansè kolon nan etap final. Anplis pou bay finansman pou tès depistaj yo, sibvansyon sa yo pral sipòte navigatè pasyan yo nan twa etablisman sante ak Lopital Kòporasyon enpòtan nan Vil New, yo tout sèvi moun ki pa gen asirans nan Bronx: Lincoln Medical ak Sant Sante Mental, Lopital North Central Bronx ak Sant

Medikal Jacobi. Itilizasyon navigatè pasyan te montre ke li otman efikas pou retire obstak yo epi fasilite achèvmman tès yo.

Komisyonè Sante Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare, “Kansè Kolon se yon asasen kap kontinye retire lavi twòp Nouyòkè. Deteksyon bonè se kle pou konbat maladi terib sa a e sibvansyon sa a ap ede asire kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo gen aksè a tès kap ede detekte kansè.”

Depite Charles B. Rangel te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo nan dirije efò pou ede Nouyòkè yo detekte epi lite kont kansè kolon. Anpil fwa, moun yo pa konnen kijan pou yo konbat kansè an tèm konkrè jiskaske yo menm oswa yon pwòch te gen dyagnostik la. Avèk plis finansman federal, Nouyòkè yo ka resevwa resous enpòtan pou ede prevni epi trete maladi a. Ogmante aksesibilite tès kansè se yon investisman ki pral non sèlman sove lavi men tou diminye nan depans yo.”

Depite Eliot Engel, yon manm ansyen nan Sou Komite Sante Komès ak Enèji nan Chanm lan, te deklare, “Chak mwa mas, mwen fè li yon priyorite pou mete aksans sou Mwa Sansibilizasyon Nasyonak Kansè Kolon pou edike elektè mwen yo nan Westchester ak Bronx sou mezi prevansyon ke yo kapab pran pou konbat maladi mòtèl sa a. Osi efereyan ke kansè kolon ye, verite a sèke avèk bon jan kalite tès, li ka souvan detekte bonè, sa ka amelyore grandman opsyon tretman pou pasyan yo. Lajan federal ke yo afekte pou ranfòse tès pou kansè kolon pral ede plizyè milye Nouyòkè ki aktyèlman pa gen aksè a tès enpòtan sa yo, e mwen patikilyèman kontan dèske nap ede moun ki pa gen asirans ansanm avèk sila yo ki pa gen ase asirans nan Bronx pral yon gwo eleman nan inisyativ sa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ansanm avèk ekip li a paske yo te fè ekstansyon tès sa yo vini yon gwo priyorite pou Eta New York.”

Depite José E. Serrano te deklare, “Fon federal sa yo pral ede anpeche epi adrese frekans elve kansè kolon nan New York, espesyalman nan zòn ki mal desèvi yo. Mwen kontan pou m wè yon kantite enpòtan nan finansman sa prale nan Bronx, kote estatistik yo montre ke gen yon kantite elve ka kansè kolon ki nan etap avanse. Deteksyon bonè grasa tès regilye se kle pou anpeche epi trete sa ki souvanfwa yon asasen an silans.”

Depite Gregory W. Meeks te deklare, “Kansè kolon pran lavi plizyè milye Nouyòkè chak ane, men nouvo sibvansyon sa yo ap asire ke nou pi byen ekipe pou bay deteksyon bonè ak sèvis tès pou kominote nou yo ki kapab sove lavi yo. Nou dwe fè tout sa nou kapab nan batay kont kansè a e lè mwen fè pati pa m, mwen pral kontinye pouse pou pwogram tankou sa a nan Kongrè a jiskaske nou jwenn yon tretman.”

Depite Brian Higgins te deklare, “Pran kansè bonè enpòtan pou siksè nan konbat maladi a. Lajan federal sa yo ki soti nan Sant Pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi pral ede bay Nouyòkè yo bon jan kalite swen prevansyon a bon mache yo merite epi ankouraje tout moun pou yo pwo-aktif nan batay kont kansè.”

Toulède eleman yo sipòte objektif yo ki souliye nan Ajanda 2013-2017 Prevansyon Eta New York ak Plan Kontwòl Konpreyansif Kansè Eta New York, ansanm avèk travay

Depatman Sante pou reyalize yon pousantaj 80 pousan tès kansè kolon nan 2018. Nivo finansman pou toulède eleman yo odela premye ane a yo sibòdone a disponibilite fon federal.

Sentòm kansè kolon ka gen ladan gen san nan pou pou, doule nan vant avèk chanjman anba vant, oswa pèdi pwa toudenkou. Nouyòkè yo ki gen nenpòt nan sentòm sa yo ta dwe pale avèk doktè yo touswit.

Tout Nouyòkè ki gen laj 50 oswa pi gran ta dwe fè tès pou kansè kolon. Sila yo ki gen yon istwa fanmi oswa pèsònèl polip nan kolon, kansè kolon, oswa yon istwa pèsònèl maladi anflamasyon nan vant gen risk ki pi elve. Moun sila yo ta dwe pale avèk doktè yo sou kilè pou yo kòmanse fè tès ansanm avèk konbyen fwa yo ta dwe teste. Si yo dektekansè kolon bonè, tretman ka efikas anpil. Anplis de tès regilye, tout Nouyòkè yo kèlkeswa laj yo, ka redwi risk pou kansè kolon nan kite fimen oswa pa janm kòmanse, kenbe yon bon rejim, limite itilizasyon alkòl epi ogmante aktivite fizik yo.

Moun ki gen asirans yo, enkli Medicaid ak asirans atravè plan sante kap patisipe nan Sante Eta NY, ka jwenn tès pou kansè kolon lè yo pale avèk doktè yo.

Pou moun ki pa gen asirans yo, Pwogram Sèvis Kansè DOH ofri tès pou kansè matris, tete pou moun ki kalifye nan chak konte nan eta. Pou jwenn yon Pwogram Sèvis Kansè toupre w, vizite

http://www.health.ny.gov/diseases/cancer/services/community_resources/ oswa rele 1-866-442-CANCER (2262).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418